прогрессивлик дәрежесин ашып көрсетиў менен бирге усы фактлер арасындағы избе-излиликти анықлаў ҳәм т.б. мәселелер қойылыўы мүмкин.

Бирақ, биз төмендеги жағдайларға дыққат аўадарыўымыз керек:

- алға қойылған машқалалы жағдайлар билимлер системасын қәлиплестириў тийкарында қурылады;
- олар талабаларға түсиникли болып табылады;
- субъекттиң оқыў-үйрениўшилик искерлигине ҳәм белсендилигине басшылық етеди;
- булардан тысқары, оларға сүйенип инсан машқалалы мәселеге өз күши менен таллаў жүргизиўи ҳәм нәтийже алыўы мүмкин болған билимлер жыйындысының толықлығы зәрүр.

Машқалалы оқытыў нәтийжесинде инсанда оқыў процесине қызығыўшылық, жоқары дәрежедеги өз күши менен ислей алыў уқыплылығы ҳәм жеке себеп жетилистирледи. Буннан тысқары, теориялық билимлерин әмелде, кәсиплик искерлигинде пайдалана алыў уқыплылығы, таллаў жүргизе алыў уқыплылығы, ҳәм ең баслысы натураны, предметтиң формаларын сүўретлеп бериў процесинде ҳәр түрли живопислик усылларды ҳәм тәсирлиликлерди қолланыў, композиция нызамларынан дурыс пайдаланыў уқыплылықлары жетилистириледи.

Талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларын пүткил оқытыў процеси даўамында раўажландырып барыў оның ажыралмас бөлеги болып табылады. Көркем өнери инсанның қәлиплесиўинде, оның таңлаған кәсиби бойынша билимлериниң ҳәм уқыплылықларының қәлиплесиўинде әҳмийетли роль атқарады. Оқып үйрениў процесинде талабалар адамды, оны қоршап турған орталықты ҳақыйқатлық пенен, дурыс көркемге ғана үйренип қалмайды, ал дыққатлылық, жуўапкершилик ҳәм өзин өзи анализлеў уқыплылықларын да ийелейди. Сонлықтан, оқытыў жумысын шөлкемлестириў процесиндеги оқытыўшының ўазыйпасы, анық белгили билимлер системасын ислеп шығыў ғана емес, ал билимлендириў ўазыйпаларына жуўап берип, оқытыў жағдайы бола отырып, бир ўақыттың өзинде инсанды мәдений көзқарасынан да раўажландыратуғын жайдайлар жаратыў болып табылады.

**Әдебиятлар**

1. Өзбекстан Республикасының туризм ҳаққындағы нызамы. 2019 жыл 18-июль, № ӨзРН-549.

**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақолада ҳозирги давр бадиий таълим тизими, талабаларининг ижодий имкониятларини ривожлантириш масалалари акс эттирилган. Ўқувчиларни фаоллаштириш масаласи ҳозирги замон педагогика илмининг ва иш тажрибасининг энг муҳим масалалари қаторига киради. Шахснинг ижодий ва интеллектуал имкониятларини, дунёқараши ривожланиши фаоллаштирувчи эстетик тарбия бу соҳада муҳим аҳамиятга эга. Шу сабабли ҳам таълим ва тарбия жараёни доим мулоқотга тайёр, ҳар хил ҳаётий соҳаларда ҳамкорлик ва ижодкорлик қобилиятига эга бўлган ижодкор шахсларни тайёрлашга имконият яратадиган ўқитиш усулларига асосланиши зарур.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена вопросам художественного образования, развитию художественно-творческих способностей студентов, так как в современном обществе возросло внимание к проблеме художественного образования. Не последнюю роль здесь играет эстетическое воспитание, способствующее активизации развития мировоззрения, интеллектуальных и творческих потенций личности. Поэтому процесс образования необходимо основывать на создании условий для воспитания творческой личности, готовой к диалогу, сотрудничеству и сотворчеству в различных сферах жизни.

**SUMMARY**

The article deals with issues of art education, developing artistic-creative abilities of student, since that nowadays in society arose attention to the problems of art education. Aesthetic education plays the great role in activating world-view, intellectual and creative potential of human-being. So that in teaching process we should focus our attention on creating appropriate conditions for instructing creative people, where we are ready to communicate, collaborate.

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН СҮЎРЕТЛЕЎ ӨНЕРИ ЖӘРДЕМИНДЕ ТАЛАБАЛАРДЫҢ КӨРКЕМ ДӨРЕТИЎШИЛИК УҚЫПЛЫЛЫҚЛАРЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДЫҢ ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ

**Т.В.Уразимова -** *көркем-өнер таныў илимлери кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** педагогика, бадиий таълим, ижодкор шахсни етиштириш, бадиий маданият, ижтимоий соҳа, ўқитиш жараёни.

**Ключевые слова:** педагогика, художественное образование, творческое развитие личности, художественная культура, социальная сфера, процесс образования.

**Key words:** pedagogics, education, creative development to personalities, art culture, social sphere, process of the teaching.

Талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларын раўажландырыў, ҳәзирги заман кәсиплик билимлендириўиниң, жумыс бериўшилердиң талапларына бағдарланған, әҳмийетли мәселеси болып табылады. Бул мәселениң көплеген изертлеўшилери, дөретиўшилик ойлаў биринши гезекте теориялық сабақларда раўажланады деген пикирди қуўатлайды. Бирақ бизиң ойымызша, бул, оғада тереӊ мәселеге бир тәреплеме көзқарас. Биз, талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларын сүўретлеў өнери жәрдеминде раўажландырыў мәселесинде, тек теориялық ҳәм әмелий билимлендириўдиң жыйындысының комплексли қолланылыўы ғана унамлы нәтийжелер береди деп есаплаймыз.

Сүўретлеў өнериниң айрықша өзгешелиги дөретиўшиликтиң көриниўиниң өзине тәнлиги болып табылады. Бул жерде биз билимлерди, уқыплылықларды ҳәм көнликпелерди ийелеўдиң жолларын өз бетинше излеўге бағдарланған үйрениў процесслериниң системасын бар қанша анығырақ бақлаўымызға болады. Бурын атап өтилгениндей, сүўретлеў өнеринде раўажландырылатуғын уқыплылықлар инсанның өзине тән қәсийетлериниң дүзилисине киретуғын қурам бөлеклери түрине ийе. Инсанның көркем дөретиўшилик уқыплылықлары, сүўретлеў өнеринде, билимлендириў процессиндеги субъектке тән болған айырым уқыплылықлары арасындағы өз ара байланысларда көринеди, усы искерликтиң өзгешеликлерин таллаў, педагогикалық көзқарастан изертлеўлер жүргизиўге мүмкиншилик береди. Сүўретлеў өнериндеги искерлик тийкарында раўажландырылатуғын уқыплылықлардың комплексин анықлаўға (бирақ, уқыплылықлардың арасындағы айырмашылықларды анық ажыратыўдың қыйын екенилигин атап өтемиз) ҳәм олардың арасынан, көп тәрепи бойынша субъектке тәбийғый талант түринде берилген тийкарғы уқыплылықларды айырып көрсетиўге ҳәрекет етип көремиз.

Қарақалпақстан сүўретлеў өнери тийкарында талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларының раўажланыўы концепциясының мазмун-мańызлылық тийкарын изертлей отырып, биринши гезекте Өзбекстанның жоқары билимлендириў системасындағы көркем өнерге оқытыў

процессиниң өзине салыстырмалы анализ жасаў зәрүр болады. Салыстырмалы таллаўдың тийкарғы хызметин төмендеги көрсеткиш-параметрлер атқарды:

- Өзбекстанның жоқары билимлендириў системасындағы өткерилип атырған реформалардың ҳәм модернизациялаў процессиниң (тийкары үзликсиз билимлендириў принципи болған) айрықшалықлары;
- сүўретлеў өнерине оқытыўдың улыўма процессиндеги тийкарғы бағдарлар ҳәм ўазыйпалар;
- оқытыўдың концептуал тийкарлары;
- оқытыў процессиндеги педагогикалық усыллар;
- Өзбекстанның жоқары билимлендириў системасындағы сүўретлеў өнерине оқытыў процессиниң раўажланыўының келешеги.

Өзбекстан Республикасының билимлендириў системасындағы соңғы өзгерислерге тийкарлана отырып, биз мәдений ҳәм руўхый раўажланыўдың жоқары дәрежесине ийе болған, жана билимлер алыўға таяр, кең пейилли ҳәм сөйлесиўлер алып барыўға уқыплы, жәмәәтте ислей алатуғын, өмирдеги өз орнына ҳәм пуқаралық позициясына ийе инсан билимлендириўдеги еликлеўге ылайықлы үлги бола алады деп айта аламыз. Сонлықтан бүгинги күни билимлендириў процессин модернизациялаў барысында билимлендириўдиң мақсетлерин қайта қарап шығыў жүз берип атыр. Өзбекстанның ишки сиясатында да, ҳәм сондай-ақ сыртқы сиясатында да болып атырған терең өзгерислер билимлендириўдиң де мақсетлерин, ҳәм соның менен бирге ўазыйпаларын да қайта қарап шығыўға жәрдем етти. Көркем-педагогикалық билимлендириў процессиниң мазмунлық көзқарастағы тийкары миллий ҳәм дүнья жүзилик мәдeният болды. Усы өзгерислер себепли Қарақалпақстанның сүўретлеў өнерин оқытыўдың теориялық ҳәм әмелий курсларына жаңа бағдарлар киргизилди. Сүўретлеў өнерин оқытыўға бағдарланған пәнлердиң мазмунлық қурылысының өзгериўине байланыслы миллий сүўретлеў өнерин оқытыўдың тереңирек ҳәм избе-изли процесси пайда болады. Бизиң көзқарасымыздан бул алдағы ўақытлары Қарақалпақстан сүўретлеў өнериниң ҳәм пүткил Өзбекстан Республикасы көркем өнериниң еле де кеңирек раўажланыўына жәрдем беретуғын, өзине тән «күш салыў» хызметин атқарады.

Жоқарыда айтып өтилгенлер тийкарында билимлендириўдиң басқышларға айырылыўы (дифференцияланыўы) жүз береди. Биринши орынға талабалардың қызығыўшылықлары, олардың уқыплылықлары ҳәм мүтәжликлери шығады. Бул оқытыўдың шөлкемлестирилиў процессинде де, сондай-ақ мазмунлық көзқарастаның өзинде де көринеди. Арнаўлы кәсипке бағдарланған курслардың санының да, соның менен бирге даўамлылығының да көбейтилиўи, сондай-ақ мазмунлық көрсеткиштиң сапалық өзгериўи ҳәм байытылыўы жүз береди.

Ҳәзирги заман дүньясындағы глобалласыў процессиниң күшейиўи билимлендириўдиң мазмунының ҳәм формаларының өзлериниң өз ара ийкемлесиўине ҳәм биригиўине (интеграцияланыўына) жәрдем етеди. Өзбекстанның сыртқы сиясатында кейинги ўақытлары жүз берген өзгерислер алдыңғы дүнья жүзилик жоқары оқыў орынлары менен шерикликте ислеў, ҳәр түрли бағдарларда тәжирийбелер алмасыў ушын және де кеңирек мүмкиншиликлер жаратылыўына жәрдем етти. Билимлендириўдиң ҳәзирги талапқа сәйкеслендирилиўи Ғәрезсиз Мәмлекетлердиң Дослық Аўқамындағы жақын еллер менен де, ҳәмде раўажланған еллердиң алдыңғы қатардағы илимий-билимлендириў орайлары менен де бирге ислесиўге мүмкиншиликлер ашып берди. Бирге ислесиў барысында, кейинги ўақытлары киргизилген өзгерислер менен биргеликте, билимлендириў процессиниң ҳәзирги заманға сәйкес ислеп шығылған миллий стандартлары тийкарында, инновациялық иске кирисиўди қоллана отырып, жуўмақлаўшы нәтийжеде кең пейиллик ҳәм эмпатияны да умытпай, биз жақсы нәтийжелерге ерисемиз.

Өзбекстан Республикасының жоқары кәсиплик билимлендириўиниң стандартлары көп басқышлы педагогикалық билимлендириў системасына тийкарланған ҳәм биринши гезекте талабаларда улыўма мәдений, улыўма кәсипшиллик ҳәм кәсиплик билимлиликлерди қәлиплестириўге бағдарланған. Кәсиплик көркемлик билимлендириўде талабалардың алдына тек ғана көркем өнер тараўындағы теориялық билимлерди ҳәм сүўретлеў искерлиги уқыплылықларын ийелеў ўазыйпасы емес, ал педагогикалық методиканы да өзлестириў ўазыйпасы турады. Демек, бул жерде арнаўлы ҳәм психологиялық-педагогикалық пәнлердиң үлкен интеграциясы ҳаққында сөз болып отыр. Атап айтқанда көркем-педагогикалық билимлендириў процессиниң модернизацияланыўы тийкарында көркем-педагогикалық билимлендириўдиң тәртипке салыныўын (унификация) ҳәмде нәтийжеде, билимлендириўдиң миллий стандартлары тийкарында да, ҳәм сондай-ақ дүнья жүзилик билимлендириў стандартлары тийкарында да талабаладрың таярлығының сапасының жоқарылағанлығын көриўге болады. Себеби, тап усы көркем өнердиң ҳәр қыйлы түрлерин түсиниў, айырым жағдайларды есапқа ала отырып оған тийкарланып инсанның жоқары әдеп-икрамлылығы, мәдениятлылығы, ҳәр тәреплеме раўажланыўы қәлиплесетуғын, инсандағы эстетикалық көзқарастың раўажланыўына жәрдем етеди. Айтып өтилгенлерден келип шығып, биз өсип киятырған әўладты билимлендириў ҳәм тәрбиялаў мәселесинде сүўретлеў өнерине үлкен роль ажыратылады деген жуўмаққа келе аламыз. Усыған байланыслы Өзбекстанның жоқары оқыў орынлары алдында халық билимлендириў системасын сүўретлеў өнериниң теориясы ҳәм тарийхы бойынша (тек ғана дүнья жүзилик көркем өнер емес, Қарақалпақстанның да сүўретлеў өнери бойынша) билимлерге ийе, усы тараўдағы әмелий көнликпелерди меңгерген, ҳәм сондай-ақ көркемлик билимлендириў тараўында алға қойылған мәселелерди қәнигели билимлилик пенен шеше алатуғын, жоқары қәнигели кәсип шеберлери менен тәмийинлеў ўазыйпасы турады. Айырым еллердеги дүнья жүзилик тәжирийбеден көринип турғанындай, сүўретлеў өнерине оқытыўдың билимлендириў процессинде оқытыўға еки түрли қатнас бар. Биринши жағдайда талабалар өзлери таңлаған қәнигелик бойынша оқытыўды дәрҳал, бирден баслап жиберетуғын ҳәм усы қәнигелик тийкарында олар сүўретлеў өнериниң қосымша түрлерин үйренетуғын Қытайдың билимлендириў системасын мысал сыпатында келтиремиз. Екинши вариантта, талабалар улыўма көркемлик билимлендириў шегарасында көркемлик билим алыўдың басланғыш элементар курсын өтеди ҳәм соңынан, бир ямаса еки жыл оқып болғанан кейин өзиниң қызығыўшылықлары ҳәм уқыплылықларына жақын қосымша (факультатив) пәнди таңлайды. Бирақ, бүгинги күнниң талапларын есапқа ала отырып, Қытайда билим алыў барысында талабалар сүўретлеў өнери тараўындағы улыўма таярлықтан қәнигелиги бойынша пәнлерди (сабақларды) таңлаўға избе-излилик пенен өтетуғын тәртиплестирилгенликке бағдарланыў бақланады [1:44-56].

Жоқары билимлендириўдиң тәриплеп өтилген түрлендирилиўлеринен айырмашылығы Өзбекстанда билимлендириў системасына комплексли қатнас қолланылады. Талабалар өзлериниң қәнигелигиниң теориялық ҳәм әмелий тийкарларын бир ўақыттың өзинде өзлестиреди. Буннан тысқары, билимлендириў процессинде талабалардың белсенди оқыў-изертлеўшилик ҳәм илимий-изертлеўшилик искерлигине де айрықша дыққат аўдарылады.

Бүгинги күнниң талабы, жәмийеттиң усындай көркемлик тәреплериниң раўажланыўына үлес қоса алатуғын жоқары қәнигели кәсипшил инсанларды таярлаў болып табылады. Бунның ушын, сүўретлеў өнери тараўындағы арнаўлы уқыплылықларды еркин ийелегенлиги сыяқлы, жоқары көркемлик ҳәм эстетикалық мәдениятқа да ийе, сондай-ақ педагогикалық тәжирийбелерге де ийе жаслардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларын раўажландырыўға айрықша дыққат аўдарыў зәрүр. Усыған байланыслы сүўретлеў өнериниң әҳмийетин асыра баҳалаў қыйын. Атап айтқанда сүўретлеп көрсетиў көнликпелерине оқытыў барысында көркемлик қызығыўшылық, кеңислик ҳәм форманы түсиниў ҳәм көз алдына келтириў, реңди дурыс түсиниў уқыплылықлары қәлиплеседи. Атап айтқанда, тап усы процессте талабалар ислеўдиң усыл-техникасын ғана үйренип қалмайды, ал қойылған дөретиўшилик мәселени шешиўге уқыплылықларын да раўажландырады: сюжетти дурыс таңлаў; композициялық шешимди табыў уқыплылығын жетилистириў; қағаздың, холсттың ҳәм т.б. бетиниң тегислигин техникалық шеберлик пенен меңгериў; белгили дәрежедеги дөретиўшилик батыллығын көрсетиў. Атап айтқанда, талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықлары тап усы контекстте көринеди. Бул процесстеги миннетли шәртлер субъекттиң өзиниң ҳәўеслиги, қызығыўшылығы болып табылады. Сонлықтан оқытыўда ҳәр түрли темаларды ҳәм оларды орынлаў усылларын (натурадан ислеў, ядына түсириў бойынша, қыял етиў ҳәм көз алдына келтириў бойынша) қолланыў зәрүр. Оқытыўды басқышлар бойынша алып барыў мақсетке муўапық: мақсети орынлаў техника шеберлигин раўажландырыў болған сахналастырылған постановкалар; плэнерде ислеў; тийкары өз бетинше дөретиўшилик излениў болған дөретиўшилик тапсырмалар; «шеберлик сабақларына» (мастер-класс) қатнасыў; жеке сабақлар.

Оқытыў процессиниң миннетли шәрти исленген жумысларды көрип шығыў ҳәм таллаў болыўы тийис. Буннан тысқары, турақлы түрде музей залларында ҳәм көргизбе залларында сабақлар өткерилип турыўы керек. Сондай-ақ атақлы художниклердиң дөретиўшилиги менен танысыў да талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларының Қарақалпақстан сүўретлеў өнери жәрдеминде қәлиплесиўине ҳәм раўажланыўына мүмкиншилик жаратады. Сүўретлеў искерлиги түрлериниң өз ара байланысларына да айрықша дыққат аўдарыў зәрүр.

Атап өтилген жағдайлардың болыўы жоқары оқыў орынлары талабаларының ой-өрисиниң кеңейиўине жәрдем береди, көркем өнерди сүйиўге үйретеди, жумысларды орынлаў техникалық шеберлигиниң сапасын жақсылайды ҳәм ең баслысы Қарақалпақстан сүўретлеў өнери жәрдеминде талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларының раўажланыўын жеделлестиреди.

Талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларын сүўретлеў өнери жәрдеминде раўажландырыў барысында субъекттиң жеке креативлигине дыққат аўдарыў зәрүр. Бул жағдайлар, атап айтқанда избе-изликте келгенде көркем дөретиўшилик көзқарасынан, инсанның ақылы толысқан болып қәлиплесиўине жәрдем етеди:

- атап айтқанда дөретиўшилик қатнас адамның ишки дүньясының раўажланыўына жәрдем етеди;
- қоршап турған дүньяны дөретиўшилик пенен түсиниў ҳәм өзлестириў адамға бул дүньядағы өзгерислерди ылайықлы түсинип қабыл етиўге ҳәм ең баслысы оларды сапалы ҳәм әдетий емес жол менен шешиўге мүмкиншилик береди;
- дөретиўшилик жумыс процесси, инсанға процесстиң өзиниң қатнасыўшысы болыўына мүмкиншилик береди;
- субъекттиң жеке қәсийетлерин жетилистириў, оған келешекте өз ойын иске асырыўға мүмкиншилик жаратады;
- жуўмақлаў ретинде дөретиўшилик уқыплылықлардың раўажланыўы көркемлик қызығыўшылықты қәлиплестиретуғынлығын, ҳәм сол арқалы дүньяны көркемлик көзқарастан түсиниўин тәмийинлейтуғынлығын атап өтиўге болады.

Сүўретлеў өнери менен шуғылланыў процесси, жуўмақлаўшы нәтийжеси тек ғана өзиниң гөззаллықты жаратыўға умтылыўы емес, ал затлардың сулыўлығына баҳа бериўге, демек, өзин инсан сыпатында толық көрсете алыўына умтылыў болған, қоршап турған дүньяны көрип қабыл етиў, сезиниў, түсиниў уқыплылықларын раўажландырыўға мүмкиншилик береди.

Ҳәзирги заман дүньясының информациялық технологиялары дөретиўшилик пикирлеўди раўажландырыў бойынша мәселелерди табыслы шешиўге, оқытыў процессинде, биргеликтеги жойбарларды жаратыў ҳәм талқылаў пайытында коммуникативликтиң ҳәм жәмәәтшилликтиң жолға қойылыўына мүмкиншилик жарата отырып сүўретлеў өнерине үйретиўде кең қолланылады.

Сонлықтан талабаларды көбирек қызықтырыў ушын оқытыўдың ҳәр түрли усылларын қолланыўға болады. Дөретиўшилик искерлик даўамында жийи-жийи ҳәр қыйлы жаңа идеялардың ашылыўы («ашылыўлар» усылы) болып турады. Усы усыл тийкарында еркин дөретиўшилик қатнасты, еркин темаларды жеделлестириўди, жеке сабақларды пайдаланыўға болады. Бирақ гейде шеклеўлерди қолланыў да зәрүрли болып қалады. Мысалы, белгили бир усылда ислеўдиң әмелий көнликпелерин жақсырақ өзлестириў ҳәм меңгериў ушын. Жеке ҳәм жәмәәт болып ислеў усылы субъекттиң излениў искерлигиниң, дөретиўшилик белсендилигиниң жигерлендириўшиси болып табылады. Ойлаўдың дөретиўшилик жеделлестирилиўиниң жолы сыпатында белгиленген салыстырмалы таллаў усылына да талап аз емес.

Қарақалпақстан сүўретлеў өнери жәрдеминде талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларын табыслы раўажландырыў ушын белгили бир педагогикалық шараятлар жаратылыўы тийис, оған төмендеги жағдайлар киреди:

- аудиториялық (теориялық ҳәм әмелий), өз бетинше сабақлар ҳәм қадағалаў жумысы тийкарында оқытыўдың бир пүтин системасын қолланыў;
- өз ара ийкемлескен ҳәм бириккен интеграллаcқан усылларда оқытыўды раўажландырыў, блоклар аралық сабақлардың педагогикалық мақсетке муўапық өз ара байланысларын үзликсиз раўажландырыў;
- сүўретлеў өнериниң тийкарларын әпиўайысынан баслап қыйынласыўына қарай избе-изли оқытыў, ҳәм бул арқалы талабалардың көркем дөретиўшилик раўажланыўының келешегин тәмийинлеў;
- сүўретлеў өнериниң көркем тәсирлилигиниң барлық усылларын өзлестириў;
- сабақ барысында техникалық қураллардан (видео ҳәм аудио аппаратура) ҳәм көргизбели қолланбалардан миннетли түрде пайдаланыў;
- Қарақалпақстан сүўретшилери мысалында әмелий оқытыў, устаханаларға барыў, шеберлик сабақларын (мастер-класс) өткериў;
- талабалардың көркем дөретиўшилик уқыплылықларын еле де күшлирек жеделлестириў мақсетинде көркем өнер изертлеўшилик ҳәм усы тараўдағы изертлеўлер материалларынан пайдаланыў;
- көркем-дидактикалық усыллар ҳәм жарысыў элементлерин қоллана отырып талабалар менен ислеўдиң жеке ҳәм жәмәәтлик формаларын өткериў;
- талабалардың сүўретлеў өнерин оқыўға қызығыўшылығын арттырыў ҳәм усы тийкарда өз

күшине исениўди, дөретиўшилик уқыплылықларын тәрбиялаў.

Орынланған тапсырмалардың мазмунын, тәсирлилигин, айрықшалығын талқылаўдың усы басқышы дөретиўшилик қатнасты, өзиниң жумысларын сыяқлы, курсласларының жумысларына да сыншыллық пенен баҳа бериў уқыплылықларын қәлиплестиреди.

Пүткил оқытыў процессиниң жуўмақлаўшы басқышы дөретиўшилик жумыслардың талабалық көргизбелери болыўы тийис. Турақлы түрде талабалардың көргизбелерин өткериў олардың өзлериниң жумысларын жаңадан көриўине ҳәм қайтадан баҳа бериўине жәрдем етеди. Жумысларды көргизбеде көрсетиў – бул, өзиниң алдына сүўретлеў өнериниң болажақ оқытыўшыларының кәсиплик таярлығы ҳаққында мүмкин болғанынша толық түсиник бериўди мақсет етип қойған, талабалардың жетискенликлериниң өзине тән есабаты.

**Әдебиятлар**

1. Цзюй Чжаочунь. Процесс обучения изобразительному искусству в системе высшего художественно-педагогического образования России и Китая. -Волгоград: 2014.

**РЕЗЮМЕ**

Мақола ҳозирги давр кишиси шахсининг маънавий-ижодий шаклланиши масаласига бағишланган. Чунки ҳозирги давр жамиятида ҳар томонлама баркамол, маънавий юксак ва креатив шахсни шакллантирш масаласига катта диққат қилинмоқта. Инсон шахси, унинг маънавий ва ахлоқий қиёфаси фақат тарбия жараёнида шаклланади. Шу сабабли ҳам тарбия жараёни ҳар хил ҳаётий жабҳаларда ҳамкорлик ва ижодкорликка, мулоқотга тайёр ижодкор шахсларни тарбиялашга имконият яратадиган тарбияга асосланиши зарур.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена современному содержанию духовно-творческого сложению личности. Так как в современном обществе возросло внимание к проблеме формирования всесторонне развитой, духовно богатой и креативной личности. Личность человека, его духовный и моральный облик формируются, прежде всего, в процессе воспитания. Поэтому процесс образования необходимо основывать на создании условий для воспитания творческой личности, готовой к диалогу, сотрудничеству и сотворчеству в различных сферах жизни.

**SUMMARY**

The article is dedicated to modern contents of spiritual-creative adding to personalities. Since attention increased in modern society to problem of the shaping all-round developed, spiritual rich and creative to personalities. The Personality of the person, his spiritual and moral look are formed, first of all, in process of the education. So process of the formation necessary to found on making the conditions for unbringing the creative personality ready to dialogue, cooperation and creative activity in different sphere of the lifes.

## Tálim - tárbiya teoriyası hám metodikası

# ТАСВИРИЙ САНЪАТ МАШҒУЛОТЛАРИДА САМАРАЛИ ТЕХНОЛОГИЯНИНГ ҚЎЛЛАНИЛИШИ

**С.Ф.Абдирасилов** – *педагогика фанлари номзоди*
*Низомий номидаги Тошкент давлат педагогика университети*
**Б.А.Пардаев** - *ўқитувчи*
*Жиззах давлат педагогика институти*

**Таянч сўзлар:** акварель, мастер-класс, “A-la prima”, акварель усули, композиция, бадиий ижодий кобилият, этюд.
**Ключевые слова:** акварель, мастер-класс, “A-la prima”, техника акварели, композиция, художественно-творческая способность, этюд.
**Key words:** water color, master class, “A-la prima”, water colour technique, a composition, artistic and creative ability, etude.

Бугунги кунда, мастер-класс - ўқитувчиларнинг самарали касбий тайёргарлигининг шаклларидан биридир. М.М. Поташник мастер-классни устоз билан бўлган шогирдликнинг аниқ шакли сифатида тавсифлайди. Яъни, устоз талабаларга тажриба, маҳорат, санъатни аниқ маънода етказади - кўпинча иш услубларини тўғридан-тўғри ва шарҳлаш орқали намойиш этади.

Шундай қилиб, “мастер”, “педагогик маҳорат” ва педагогик техника” тушунчалари билан узвий боғлиқликда“ мастер-класс” тушунчасини кўриб чиқиш мақсадга мувофиқдир.

С.И. Ожеговнинг изоҳли луғатида, "мастер" сўзининг бир нечта маъноларини топишингиз мумкин:

- ҳар қандай ишлаб чиқариш соҳасида малакали ишчи;
- қандай қилиб яхши иш қилишни биладиган, бирон бир ишни маҳорат билан бажарадиган киши;
- Ўз соҳасида юқори санъатга эришган мутахассис.

Ўқитувчи соҳасига энг яқинлари - бу охирги келтирилган иккита таъриф.

Замонавий педагогик адабиётларда “педагогик маҳорат” тушунчасининг тавсифига қуйидаги таркибий қисмлар киритилган:

- психологик ва ахлоқий-педагогик билимлар;
- касбий қобилиятлар;
- педагогик техника;
- касбий фаолиятни амалга ошириш учун зарур бўлган маълум шахсий хусусиятлар.

Педагогик адабиётларда “Мастер-класс” тушунчасининг бир қанча таърифлари мавжуд. Демак, олим М.Поташникнинг фикрича, мастер-класс – педагогнинг ўз ижодини амалга оширишдаги фаол шакли, негаки ўқитувчи-устоз тингловчиларга ишлаш усулини тўғридан-тўғри ва кўрсатмали тушунтириш орқали ўз тажрибасини намойиш этади [1:78 ].

Замонавий шароитда устоз-ўқитувчи - бу тадқиқот малака ва кўникма-ларига эга бўлган, тажриба-синов ишнинг хусусиятларини биладиган, инновацион педагогик технологияларни таҳлил қила оладиган, мазмунни танлай оладиган ва уни амалда қўллай оладиган, ўз фаолияти натижаларини олдиндан айтиб бера оладиган, услубий тавсияларни ишлаб чиқадиган ўқитувчи ҳисобланади.

Ўзи “Мастер-класс” тушунчаси нимани англатади?

Сўз бирикмасини этимологиясида: унинг биринчи қисми “устоз” дегани “билим, амалий кўникма ва кўпгина мутахассисларга эга бўлмаган техникага эга” деган маънони англатади. Ва “класс” бу юқори сифат даражасининг кўрсаткичидир.

Маҳорат дарси шунчаки билим ва кўникмаларни намойиш этиш эмас, балки кўп йиллардан бери қадрланиб келинаётган тажриба алмашишдир. Маҳорат дарси сизнинг (муаллифлик) педагогик тизимингизнинг концептуал ғоясини етказишнинг асосий воситасидир, бошқача қилиб айтганда, бу педагогик тажрибани умумлаштириш ва тарқатиш шаклидир.

Мастер-класснинг мақсади - ўқитувчининг касбий ўзини-ўзи такомиллаштиришига шароит яратиш; педагогик тажрибани, иш тизимини, ихтироларни топшириш, буларнинг барчаси ўқитувчига педагогик фаолиятда энг юқори натижаларга эришишга ёрдам берган.